

Kondisyon pou sèvis - Paj 1 nan 2

Pou etablisman Lee Health System yo d/b/a (k ap fonksyone sou non) Lee Health ("Lee Health"), ikonpri men se pa sèlman sa: Lee Physician Group, Lee Convenient Care, Lee Memorial Hospital, HealthPark Medical Center, Gulf Coast Medical Center, ak Cape Memorial Hospital, Inc. d/b/a (k ap fonksyone sou non) Cape Coral Hospital.

NOTIS SOU RESPONSABILITE LIMITE

MWEN MENM, NAN NON PA M, NAN NON PITIT MWEN, EPI/OSWA NAN NON MOUN KI SOU RESPONSABILITE M, REKONÈT YO TE ENFÒME M: Se kapab doktè, chirijyen, enfimyè-fanm-saj, asistan doktè, enfimyè pratisyen, ak lòt endividi (tout rele "Founisè" nan dokiman sa a) ki se anplwaye oswa ajan Lee Health ki kapab bay tretman mwen resevwa nan yon etablisman Lee Health. Mwen konprann founisè sa yo ki se anplwaye ak ajan Lee Health yo ye, yo anba sipèvizyon ak kontwòl eskizif Lee Health kidonk responsablite pou aksyon oswa omisyon founisè Lee Health sa yo limite a \$200,000 pou chak reklamasyon oswa jijman yon moun ka fè epi responsablite a limite a \$300,000 pou tout reklamasyon oswa jijman pou menm ensidan an oswa yon bagay ki rive (gade Seksyon 768.28, Iwa Florid yo).

Mwen rekonèt tou mwen kapab resevwa swen ak tretman medikal nan men lòt founisè swen medikal endepandan, ikonpri, men se pa sèlman sa, doktè prive pa m, radyològ, anestezi, founisè swen nan kadrijans, patolojis ak pèfizyonis, ki pa ni anplwaye, ni ajan Lee Health. Mwen rekonèt epi mwen dakò Lee Health PA responsab pou aksyon oswa omisyon founisè swen medikal endepandan sa yo.

Pasyan / Reprizantan legal: _____ Dat: _____ Temwen: _____

1. ATRIBISYON BENEFIS AK DEZIYASYON REPRIZANTAN OTORIZE. Lamenn mwen atribye pèman bay Lee Health tout tyès peyè* mwen gen kouvèti asirans avèk yo oswa mwen ka gen benefis oswa vin gen benefis yo dwe peye m, pou chaj lopital la ak sèvis swen medikal mwen resevwa pou admisyon m oswa tretman m, ki gen rapò ak admisyon m oswa tretman m oswa ki konekte avèk admisyon m oswa tretman m (pase, prezan, oswa fiti). Mwen dakò pou m pèsonèlman responsab pou pèman tout sèvis lopital la ban mwen oswa tout sèvis medikal tyès peyè* mwen yo pa kouvri, ikonpri, men se pa sèlman sa, sèvis ki pa kouvri ak sèvis mwen resevwa andeyò rezo a, franchiz, ko-asirans, epi/oswa ko-pèman. Mwen atribye pèman tou pou tout benefis asirans ki disponib pou doktè(yo) ki ban m tretman nan Lee Health. Lamenn mwen otorize fidisye administratè plan m nan, konpayi asirans mwen, epi/oswa avoka mwen pou l bay Lee Health tout dokiman plan an, rezime deskripsyon benefis, polis asirans, epi/oswa enfòmasyon sou règleman ka mwen an. Mwen gen entansyon avèk atribisyon ak deziyasyon reprizantan otorize sa a pou m fè Lee Health konnen tout dwa mwen genyen pou m fè reklamasyon pou benefis medikal ki gen rapò ak sèvis mwen resevwa nan Lee Health, ikonpri dwa pou tout règleman, asirans oswa rekou legal oswa administratif ki aplikab (ikonpri domaj akoz vyolasyon reklamasyon responsablite fidisye dapre ERISA). Mwen bay Lee Health dwa pou l (1) jwenn enfòmasyon konsènan reklamasyon an nan menm limit avèk mwen; (2) soumèt prèv; (3) fè deklarasyon ki baze sou fè ki etabli oswa ki baze sou lalwa; (4) fè nenpòt demann ikonpri bay oswa resevwa notis pou pwosedi apèl; (5) patisipe nan nenpòt aksyon administratif oswa jidisyè epi pousuiv reklamasyon oswa dwa posesyon oswa dwa kont nenpòt pati ki responsab, konpayi asirans, plan benefis anplwaye, plan benefis swen sante, oswa administratè plan an. Lee Health kòm sesyonè mwen ansanm ak reprizantan otorize mwen deziye ka angaje yon pwosè kont nenpòt plan benefis swen medikal, plan benefis anplwaye, administratè plan oswa konpayi asirans sa yo nan non mwen avèk kapasite derivatif.

2. DIVILGASYON ENFÒMASYON. Mwen rekonèt Lee Health gen otorizasyon dapre Iwa leta Florid ak Iwa federal Etazini pou l divilge kopi dosye faktirasyon ak dosye medikal mwen, pou asire pèman pou sèvis lopital ak sèvis swen medikal mwen resevwa pou admisyon oswa tretman m, ki gen rapò ak admisyon oswa tretman m oswa ki konekte avèk admisyon oswa tretman m (pase, prezan, oswa fiti), pou m resevwa tretman siplemantè si sa nesèsè, epi pou fasilite fonksyonnan swen medikal ki gen rapò ak sa, pou moun oswa antite ki pral site la yo: nenpòt etablisman swen medikal oswa founisè ki afilye avèk yo; founisè ki te rekòmande m oswa ki ban m tretman; anbilans ak lòt founisè transpò ki similè; garan ki sou kont mwen yo ak nenpòt tyès peyè* oswa ajan yo; nenpòt antite regilatwa leta Florid oswa federal ak òganizasyon ki akredite; Administrasyon Sekirite Sosyal, Depatman Timoun ak Fanmi, ak lòt antite similè. Sa prezizeman enkli enfòmasyon medikal konsènan kondisyon sikolojik, kondisyon sikyatrik, epi/oswa maladi enfektive ikonpri, men se pa sèlman sa, maladi ki transmisib pa vwa sangen takou epatit, viris iminodefisitè imen (VIH) ak sendwòm iminodefisitè aki (SIDA). Si admisyon m oswa tretman m resevwa se akoz yon aksidan machin mwen te fè, mwen otorize Lee Health pou l jwenn yon kopi "rapò aksidan" mwen an lalwa Florid egzije pou fasilite pèman tyès pati epi/oswa pou jwenn enfòmasyon sou asirans machin mwen an nan men Depatman Motè Veyikil Florid.

3. PRATIK FINANSYE LEE HEALTH. Mwen konprann epi m dakò:

- (a) Montan Lee Health chaje pou sèvis lopital la ki endike nan lis pri pou sèvis lopital la (ann anglè ki rele "Charge Master"). Epi mwen ka egzamine pòsyon ki konsène m nan lis sa a nan lè biznis nòmal nan biwo Sèvis Finansye a ki chita nan 224 Santa Barbara Blvd., Cape Coral, FL 33991. Lee Health rezève dwa li pou l revize epi chanje pri ki nan lis pri prensipal la oswa Charge Master a.
- (b) Kont Lee Health pou montan yo chaje m nan lopital la se yon "kont ki ouvè" ki pral gen ladan l tout montan lopital la chaje m ak tout pèman lopital la resevwa, toutlèfwà yo fè chaj sa yo oswa pèman sa yo, kòm yon sèl tranzaksyon ki jenere yon sèl responsablite epi Lee Health kapab prepare fakti pou montan ki ka rive jis nan montan total kont lan mwen dwe peye regilyèman.
- (c) Montan mwen gen obligasyon pou peye a ka diferan ak montan lòt pasyan gen obligasyon pou peye dapre kapasite chak pasyan genyen pou l peye ak kouvèti tyès peyè yo ka genyen.
- (d) Mwen ka mande epi yo pral ban mwen enfòmasyon konsènan pwogram asistans finansye Lee Health yo. Yo ka sispann yon pòsyon oswa tout balans kont mwen an si m kalifye pou yon pwogram asistans finansye lè m satisfè tès sou revni ki konsène m epi m pa gen kapasite pou m peye tout montan lopital la chaje m. Sepandan, menm si m kalifye pou asistans finansye, mwen dakò pou benefis asirans sante ak asirans machin, asirans kont aksidan nan travay oswa lòt sous tyès pati ak règleman ak jijman kont tyès pati peye sa yo dwe peye pou balans mwen dwe a. Règleman ak jijman sou responsablite kontinye rete sijè a dwa retansyon Lee Health dapre akò sa a epi lalwa Florid.
- (e) Kòm yon koutwazi, Lee Health ka faktire tyès pati, ikonpri konpayi asirans mwen an, men li pa oblije fè sa. Antouka, mwen dakò, eksepte kote lalwa entèdi sa, pou m peye montan ki refleto sou enstriman faktirasyon inifòm Lee Health yo (fòm UB-04 oswa CMS-1500) pou sèvis mwen resevwa nan Lee Health.

4. RESPONSABILITE FINANSYE. Lamenn mwen dakò ak sa ki vin anba a:

- (a) Mwen responsab pou m peye montan lopital la chaje pou tout sèvis lopital la ak sèvis swen sante pasyan an resevwa pou admisyon oswa tretman, ki gen rapò ak admisyon oswa tretman oswa ki konekte ak admisyon oswa tretman (pase, prezan, oswa fiti), epi mwen dwe peye montan m dwe a nan lè m egzeyate oswa lè tretman an diskontinye. Montan mwen dakò pou m peye a se montan ki endike nan lis pri (Master Charge) Lee Health la ki anvigè nan lè m te resevwa sèvis la epi jan sa refleto sou enstriman faktirasyon inifòm lopital la (fòm UB-04).

Kondisyon pou sèvis - Paj 2 nan 2

- (b) Amwenske lalwa oswa kontra a anpeche sa, si kòm yon koutwazi Lee Health voye fakti a bay yon tyès peyè*, Lee Health ka mande pèman okonplè pou tout balans mwen dwe, a nenpòt moman.
- (c) Mwen konprann mwen pral resevwa fakti ki separe nan men Lee Health pou sèvis li bay (ikonpri founisè ki se anplwaye Lee Health) ak nenpòt kontraktè endepandan ki ban mwen sèvis (pa egzanp, doktè prive mwen, sèvis anestezyoloji, sèvis radyoloji, sèvis patoloji, oswa sèvis laboratwa).
- (d) Lopital la ka voye tout kont aryere yo bay yon ajans oswa yon avoka ki regle zafè koleksyon, nan ka sa a mwen dakò pou m peye frè avoka, frè tribinal, epi/oswa frè ajans koleksyon an ki asosye avèk pwosesis koleksyon an.
- (e) Mwen dakò pou m kite Lee Health tyeke kredi mwen ann akò ak bezwen lejitim pou biznis yo ak lwa, règ ak règleman ki aplikab yo epi wen dakò tou pou lopital la, avèk oswa san notis, asiye, transfere epi bay nenpòt ajans oswa avoka dwa, tit ak enterè yo genyen nan nenpòt balans mwen dwe lopital la aprè pasyan an fin egzeyate.
- (f) Mwen otorize Lee Health pou l aplike pèman ki pa sot nan asirans mwen yo resevwa ki depase montan ki nesèsè pou peye montan mwen dwe Lee Health pou ospitalizasyon sa a pou nenpòt fakti mwen dwe Lee Health pou tèt pa m oswa pou manm fanmi imedyat mwen.
- (g) Mwen otorize Lee Health, founisè sèvis li yo (ikonpri founisè sèvis ki kontakte m konsènan asistans finansye oswa konsènan pèman epi/oswa pou sèvis koleksyon) ansanm ak siksesè yo, moun yo asiye, afilye, kontraktè endepandan oswa ajan pou kontakte m an pèsòn, lè yo itilize mesaj vokal atifisyèl epi/oswa yon sistèm ki konpoze otomatikman nenpòt nimewo ki asosye avèk kont mwen an (yo), ikonpri telefòn pòtab mwen, kit mwen te bay otorizasyon sa a nan lefase, prezan oswa fiti amwenske mwen revoke otorizasyon sa a pa ekri. Ankake nenpòt nan nimewo telefòn mwen yo ta chanje pandan m toujou dwe pèman sou kont mwen an, mwen dakò pou m fè Lee Health konnen imedyatman alekri nimewo telefòn mwen te bay la pa pou mwen ankò epi m dakò pou m degaje de tout responsablite Lee Health, founisè sèvis li yo, siksesè l yo, moun ki asiye yo, afilye l yo, kontraktè endepandan l yo oswa ajan l yo pou nenpòt domaj, ikonpri frè avoka, ki gen rapò ak apèl ki fèt nan yon nimewo telefòn mwen te bay ki te sou non mwen epi ki vin chanje.

5. DWA RETANSYON RESÈT POU RESPONSABILITE TYÈS PATI. Si admisyon m ak tretman m se akòz yon aksidan oswa blesi, Lee Health pral mete anplas yon dwa retansyon sou resèt pou tout aksyon, pousuit jidisyèl, kont-reklamasyon mwen menm oswa reprezantan legal mwen jwenn akòz aksidan sa a pou l la rekiperè pèman pou tout chaj sèvis lopital la ak swen medikal mwen resevwa, ki gen rapò avèk aksidan oswa blesi sa a ki anvigè apati dat yo te kòmanse bay tretman an. Mwen konprann epi rekonèt Lee Health eksplisitman rezève dwa l tou pou l jwenn pèman pou kèk oswa tout chaj li yo lè l anrejistre yon dwa retansyon estatitè pou lopital la. Nan yon ka konsa, Lee Health kapab, selon sèl diskresyon absoli l, chèche rekiperasyon pou pèman chaj li yo nan resèt tout pèman yon tyès pati fè akòz aksidan an, ki te vin fè moun nan resevwa tretman nan Lee Health. Mwen konprann epi mwen rekonèt montan Lee Health mande pou yon tyès pati peye ka plis pase montan tyès pati ka peye, ikonpri, men se pa sèlman sa, konpayi asirans, HMO, oswa kouvèti plan asirans. Mwen dakò pou m bay Lee Health sou demann, non nenpòt moun ki te ka lakoz blesi mwen an, non konpayi asirans moun nan, non avoka mwen ak nenpòt lòt enfòmasyon ki ka ede Lee Health egzèse dwa li genyen epi/oswa bay notis sou dwa retansyon li bay nenpòt tyès pati Lee Health twouve ki apwopriye selon direksyon absoli li.

6. DEHAJ RESPONSABILITE POU BAGAY KI GEN VALÈ. Mwen rekonèt yo te ban mwen opòtinite pou m depoze bagay ki gen valè ak lajan nan Lee Health pou yo sere pou mwen. Mwen konprann Lee Health pa andose ankenn responsablite pou zafè pèsònèl (ikonpri, men se pa sèlman sa, bagay ki gen valè, lajan, telefòn selilè, bipè, soulye oswa rad) mwen kenbe avèk mwen, epi lamenn mwen degaje Lee Health, direktè l yo, ofisyè l yo ak anplwaye l yo, de tout responsablite pou pèt zafè pèsònèl sa yo epi mwen pral pèsònèlman responsab pou tout pèt, frè oswa depans ki ta fèt akòz bagay sa yo ki pèdi.

7. ETIDYAN. Lee Health sipòte fòmasyon ak edikasyon pwofesyonèl nan domèn swen medikal ak teknisyen epi li ofri opòtinite pou eksperyans aprantisaj pratik. Mwen rekonèt mwen ka resevwa swen nan men etidyan oswa lòt pèsònèl swen medikal nan pwogram fòmasyon sipèvize. Mwen rekonèt mwen ka fè enfimiyè m oswa doktè m konnen si m chwazi pou m pa kite endividi sa yo patisipe nan swen m ap resevwa.

8. MEDIKAMAN JENERIK. Se yon komite ki rele Komite Famasi ak Terapetik Pèsònèl Medikal Lee Health ki chwazi medikaman nou itilize nan Lee Health. Toutlèfwa sa posib, yo itilize medikaman jenerik, olye yo itilize pwodui "non mak". Pou fasilite konpreyansyon m sou kalite medikaman m ap resevwa, yo ka itilize non mak medikaman an, menm si se ekivalan jenerik la yo aktyèlman ap itilize.

9. RESIKLAJ. An konfòmite ak nòm estrik Administrasyon ki kontwole Manje ak Medikaman Ozetazini (ann anglè U.S. Food and Drug Administration) Lee Health voye kèk founiti medikal ak chirijikal ki jetab pou yo trete epi esterilize pou yo ka itilize yo ankò. Sa se yon mezi ki san danje, ki bon pou anviwonman an epi ki pèmèt nou fè ekonomi.

**Tyès peyè yo enkli, men se pa sèlman sa, kouvèti ki disponib nan: Medicare, Medicaid, Tri-care, oswa pwogram gouvènman an; asirans sante, asirans pou aksidan, asirans machin, oswa lòt asirans; asirans kont aksidan nan travay; HMO yo; anplwayè ki asire tèt yo; ak tout pwomotè ki ka kontribye nan pèman pou sèvis yo.*

Mwen men, ki siyen anba a, antanke pasyan an, oswa gadyen, konjwen, garan oswa ajan pasyan an, lamenn sètifye: (a) mwen te li, epi mwen konplètman konprann kondisyon sèvis sa yo; (b) mwen te siyen kondisyon sèvis sa yo avèk tout konesans mwen, libreman, volontèman epi m dakò pou m konfòme m ak modalite l yo; (c) kondisyon sèvis ki dekri anwo a pral dirije dwa m ak obligasyon antanke pasyan, gadyen, garan, oswa ajan pasyan an anrapò ak tout tretman oswa sèvis Lee Health bay pasyan an pandan nenpòt admisyon aktyèl oswa alavni; (d) kondisyon sèvis sa a konstitiye tout akò ant pati yo epi li ranplase tout lòt konpreyansyon oswa akò, oral oswa alekri, pami pati yo sou sijè ki abòde yo; epi (e) mwen pa t resevwa okenn pwomès, asirans, oswa garanti nan men okenn moun konsènan rezilta mwen ka jwenn akòz nenpòt tretman oswa sèvis mwen resevwa.

SIYATI PASYAN / PARAN / GADYEN

DAT

LÈ

KONJWEN / PWOKIRASYON POU SWEN MEDIKAL / LÒT REPREZANTAN LEGAL PASYAN AN

DAT

LÈ

Patient is Unable to Sign and does not have a Representative

Patient Refused to Sign